

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar, masalah anu diguar nyaéta aya tilu: (1) ngeunaan struktur carita, (2) struktur naskah drama, jeung (3) ajèn moral. Panalungtikan ieu ngagunakeun sababaraha tiori pikeun ngaguar eusi dina naskah dramana, tiori pikeun ngaguar struktur carita ngagunakeun tiori Robert Stanton anu masing-masing struktur kana tilu bagian, nyaéta tèma, fakta carita, jeung sarana sastra. Pikeun ngaguar struktur naskah drama, panalungtik ngagunakeun tiori Rètty Isnèndès anu masing-masing struktur naskah kana 10 bagian, nyaéta prolog, dialog, *pembabakan*, adegan, wawancang, kramagung, *solilokui*, *aside*, episode jeung epilog. Anapon pikeun ngaguar ajèn moral, panalungtik ngagunakeun tiori Nurgiyantoro anu masing-masing ajèn moral kana tilu bagian, nyèata anu patali jalma jeung dirina sorangan, patali jalma jeung gustina, patali jalma jeung jalma lianna kaasup hubunganna jeung lingkungan. Pikeun mètode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta mètode dèskriptif kualitatif ngaliwatan studi pustaka.

Dumasar kana ulikan struktur carita naskah drama “Juag Toèd”, tèma dina ieu naskah ngeunaan kahariwangan pamajikan-pamajikan gedèdèn ka salakina anu gampang nyeroan awèwè lain, anu ahirna makè kasombongan pangkat luhur pikeun nindes kabudayaan masarakat. Latar waktu dina ieu naskah aya dua, latar tempat aya tilu, sedengkeun tèma sosial dian ieu naskah aya hiji, nyaéta ngeunaan karinèkaan sosial masarakat. Galur dina ieu naskah nyaéta galur maju atawa mèrèlè, sedengkeun tokoh dina ieu naskah aya 17 tokoh. Nilik kana sarana sastra nu dipakè dina ieu novel antarana judul, geus nyurup minangka rèprèsentasi tina eusi carita, ari puseur implengan nu digunakeun ku pangarang nyaéta caturan jalma katilu. Dina ieu sarana ogè nyampak sawatara simbolisme minangka nu nuduhkeun kana tèma carita.

Ngeunaan ulikan struktur naskah drama, prolog dina ieu naskah kapanggih aya hiji, nyaéta dina adegan kadua, ieu prolog nyaritakeun kaayaan tempat jeung kondisi perasaan pamaèn wungkul. Paguneman anu kapanggih dina ieu naskaha aya

18 paguneman, anu kabagi ka 15 tokoh, pembabakan dina ieu naskah sacara struktur teu kapanggih, ku sabab pangarang teu nuliskeun ngeunaan babak dina ieu naskah. Adegan dina ieu naskah kapanggih aya 3, kahiji digambarkeun ku bubuka longsèr, kaduana digambarkeun ku kaayaan tempat di pandopo kademangan, katiluna digambarkeun di Lembur Sekarasih. Wawancang dina ieu naskah kapanggih aya 430 wawancang kabagi ka 15 tokoh, sedengkeun kramagung dina ieu naskah kapanggih aya 100 kramagung. Solilokui dina ieu naskah saukur aya hiji, nyaéta aya dina wawancang Jurutulis. Aside dina ieu naskah drama sabada ditalungtik, euweuh aside anu nyampak diana ieu nasakah, episode dina ieu naskah bisa disebut naskah drama sa-episode, ku sabab caritana teu dipisah-pisah. Sedengkeun epilog dina ieu naskaha kapanggih aya hiji, anu nyaritakeun ngeunaan drama “Juag Toèd” tèh saukur pintonan.

Pikeun ajèn moral, katitèn ajèn moral nuduhkeun hubungan jalma jeung dirina sorangan (JJDS) aya 2, nuduhkeun hubungan jalma jeung Gustina (JJG) aya 1, jeung anu nuduhkeun hubungan jalma jeung jalma lianna kaasup kana hubungan jalma jeung lingkungan (JJLA) aya 11, anu totalna aya 14 ajèn moral dina naskah drama "Juag Toèd".

5.2 Implikasi

Hiji panalungtikan tangtuna teu leupas ti nu ngarana kaonjoyan jeung kahèngkèngkèran. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga kahèngkèngkèran dina sababaraha aspèk, tapi tetep miharep yèn kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadèan, utamana dina nambahan pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusatraan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paèlmuan ngeunaan struktur jeung ajèn moral dina karya sastra hususna naskah drama tradisional wangun komedi, nyaeta longsèr.

5.3 Rèkomendasi

Sanggeus panalungtikan ngeunaan naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar, aya sababaraha rèkomendasi pikeun panalungtikan satuluyna, hususna pikeun kamekaran sastra Sunda winangun drama.

Kahiji, panalungtikan satuluyna anu ngeunaan naskah drama “Juag Toèd” karya Yoseph Iskandar perlu dianalisis deui ku aspèk sèjèn, sangkan pangaweruh

dina ieu naskah drama bisa leuwih jembar jeung loba mangpaatna pikeun kalumangsungan sastra Sunda.

Kadua, naskah drama “Juag Toèd” kudu dibaca ku masarakat umum, ku sabab miboga ajèn-ajèn ngeunaan kalakuan gegedèn-gegedèn anu ngagunakeun pangkat luhur pikeun nindes masarakat leutik. Satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngahudangkeun karep pikeun mikawanoh kana karya sastra Sunda, utamana karya sastra winangun drama.